## ЖУМАХЬИЙН ТАЙПАНА ВОЛУ ВАХIБАН КIАНТ IУМАЙР

(Дела реза хуьлийла цунна)

**«Баккъалла а, ВахIбан кIант Iумайр сайн цхьаболчу доьзалел гергара ма хили суна».** *ХаттIабан кIант Iумар.*

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

Жумахьийн тайпана волу ВахIбан кIант Iумайр Бадр олучу тIеман майданара шен дегIана зен ца хуьлуш вухавеара, амма цо цигахь бусалбанийн карахь (йийсарехь) витира шен кIант ВахIб.

Iумайр вара (шен дас динарг бахьана долуш), бусалбанаша жимачу стагана тIехь къизалла лелаярна кхоьруш, цо Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) биначу цатемашна а, иштта цо цуьнан асхьабашна (Дела реза хуьлийла царна) диначу таIзарна а дуьхьал бекхам беш, цара цуьнга ирча Iазап Iовшийтарна кхоьруш а.

Цхьана Iуьйранна ХьаьжцIенна гуонаш а дохуш, цуьнан жIарех беркат эца дагахь, лолла дечу меттиге вахара Iумайр. Цунна цигахь «Хьижр» олучу меттигна уллохь хиъна Iаш гира Умаййатан кIант Софван. Цунна тIе а вахана, цо элира: **«Iуьйре дика хуьлийла хьан, хIай къурайшийн эла!»**

ТIаккха Софван вистхилира: **«Iуьйре дика хуьлийла хьан а, хIай ВахIбан да! Схьавола, охьахаа, цхьана сохьтехь къамел дер вайшимма, баккъалла а, хан яцйо къамелдаро».**

Умаййатан кIантана Софванна улло охьахиира Iумайр. И ши стаг Бадрах а, ишта цигахь хиллачу боккхачу эшамах лаьцна къамелаш дан а, Мухьаммадан а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан асхьабийн а (Дела реза хуьлийла царна) кара бахана болу йийсархой багарбан а вуьйлира. И шиъ гIайгIане вара, бусалба нехан шаьлтанаша байинчу а, «Къалийб» цIе йолчу гIуно шен кийрахь къайлабаьхначу а къурайшийн тхьамданаш бахьанехь.

Доккха са а даьккхина, Умаййатан кIанта Софвана элира: **«ХIан-хIа, Делора, уьш боцуш долчу дахарехь цхьа а дика ма дац».** ТIаккха Iумайра а элира: **«Бакъ ма лоь хьо, Делора».**

Цул тIаьхьа цхьа кIеззиг вист ца хуьлуш хан а яьккхина, цо элира: **«ХьаьжцIийнан Делора, сайн дIатакха аьтто боцуш долу декхарш сайна тIехь дацахьара, иштта сайл тIаьхьа зен барна кхоьруш доьзал буьсуш а бацахьара, Мухьаммад волчу а вахана, иза вен а вийна, цуьнан болх боха а бина, цуьнгарчу зуламах нах хьалхабохур ма бара аса».** Цул тIаьхьа, аз лахдарца, цунна тIаьххье элира цо: **«Баккъалла а, сан кIант ВахIб церан карахь хиларо со Ясрибе вахча кхоллаяла тарлуш йолу шеко дIайоккху».**

***

Умаййатан кIанта Софвана пайдаийцира ВахIбан кIентан Iумайран къамелах. И санна болу аьтто шен карара дIаболийла ца лиира цунна. ВахIбан кIанте Iумайре а хьаьжна, цо элира: **«ХIай Iумайр, хьайн дерриге а декхарш соьгахь дита, уьш мел дукха делахь а аса токхур ду хьуна. Амма хьан доьзал-м сайн доьзалх а тоьхна, доладеш Iийр вара со, сан а, церан а оьмар мел лаьтта. Баккъалла а, царна массарна а кхачоян а, кхоччуш церан дахар тодан а йиш йолуш дукха ду сан даьхни».** Iумайра элира: **«ТIаккха хIара вайшиммо дийцинарг цхьана а дена ца хоуьйтуш, ваьшшингахь диталахь».** Софвана элира: **«Ахьа ма-бохху хир ду».**

***

Iумайр маьждиг чуьра хьала а гIаьттина, араваьлла, Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу вахара, шен кийрахь кхехкаш хьогIан цIераш а йолуш. Шен сецна яьлла йолу ойла кхочушъян кечамаш бан вуьйлира иза. Иза ийзалуш а вацара, ша новкъаваьлча цхьанна шех шеко хир ю аьлла, хIунда аьлча къурайшийн йийсархойн верасаш кеста-кеста хуьлура Ясрибехь (Мадинатахь) – шайн карабаханчарах маха (выкуп) эцна бахана.

***

ВахIбан кIанта Iумайра, шен тур схьада аьлла, омра дира. Цо иза лерина ир а дина, цунна тIе дIовш хьаькхира. Шен эмкал схьаялае аьлла, омра дира цо. Кеч а йина, тIеялийра цунна иза. ТIаккха эмкална тIехиира

Іумайр. ОьгІазлонах а, вуониг дан йолчу ойланах а вуьззина волуш, Мадинатехьа дІавахара иза.

Ша Мадинате дІа ма-кхеччи, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІекхача дагахь маьждиг долчухьа вахара Іумайр. Маьждиган неІаре кхаьчча, шен эмкал гора а хІоттийна, цу тІера охьавоьссира иза.

***

Цигахь ХаттІабан кІант Іумар (Дела реза хуьлийла цунна) вара, цхьаболчу асхьабашца цхьаьна маьждиган неІарна гена воцуш хиъна Іаш, Бадрунгахь хилларш а, цигахь карабаьхкина къурайшийх болу йийсарш а, церан байинарш а шаьшлахь буьйцуш. Иштта дийцарца, цара шайн иэсехь карладохура хІижрат диначара а, ансараша а майралла гайтаран суьрташ. АллахІа шайна толам баларца дина дика а, шайн мостагІчуьнгахь шайна Цо гайтина йолу чІиръэцар а, сийсазалла хьехайора цара.

Ца хууш дІахьаьжна волчу Іумаран (Дела реза хуьлийла цунна) бІаьрг кхийтира, шен эмкална тІера охьа а воьссина, шен гІодаюккъехь шаьлта а йолуш, маьждиг долчухьа воьдуш волчу Іумайрех.

Хьалаиккхинчу Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) мохь туьйхира: **«И дІо жІаьла, Делан мостагІ, ВахІбан кІант Іумайр ву шуна. ВаллахІи, вуониг дохьуш бен ма ца веана иза. Цо, баккъалла а, Делаца накъост вийриш Маккахь вайна тІе ма тийсира, Бадр олучу тІеман майданахь хилале хьалха цаьрга вайн къайленаш дІаюьйцуш ма вара иза».** Цул тІаьхьа шена уллохь хиъна Іаш болчаьрга элира цо: **«Хьада, дуьло, Делан Элча волчу а гІой, цунна гонах Іе. Варийлаш, оцу боьхачу, ямартчу стага тешнабехк барх ларвелаш иза».**

Цул тІаьхьа сихха Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІе а хьаьдда, Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ХІай Делан Элча, и Делан мостагІ – ВахІбан кІант Іумайр – шен хена тІе шаьлта а йихкина веана ву, цо вуониг а бен деана дац аьлла хета-кх суна».** Делера салам-маршалла хиларо элира: **«Суна тІе валаве иза».** ВахІбан кІантана Іумайрна тІе а вахана, иза коча тІера схьа а лаьцна, цул тІаьхьа шен шаьлтанан бахтар коча а тесна, иза валош Делан Элча (Делера салам-

маршалла хуьлийла цунна) волчу веара ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цунна).

Шена иза иштта чу хьолехь гича, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iумаре (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«ДIахеца иза, хIай Iумар».** Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) иза дIахийцира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цул тIаьхьа цуьнга элира: **«Цунна уллора дIавала».** Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) юхавелира. ТIаккха ВахIбан кIантана Iумайрана тIе а вахана, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТIехила, хIай Iумайр».** Iумайра, тIе а хилла, элира: **«Iуьйре дика хуьлийла хьан!»** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, АллахIа тхуна Шен комаьршаллица делла-кх, ахьа хоттучу маршаллел а дика маршалла далар, хIай Iумайр. АллахIа тхуна Шен комаьршаллица салам далар делла-кх, иза ялсаманин охIланан маршалла хаттар ду».**

Iумайра элира: **«ВаллахIи, ахьа луш долу маршалла тхайчунна дукха генара ма дац, иза хьоьга кеста кхаьчна ма ду».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга хаьттира: **«Хьо варан бахьана хIун ду, хIай Iумайр?!»** Iумайра жоп делира: **«Шун карахь волу хIара йийсар аша паргIатвитаре сатуьйсуш веан-кха со, и дика болх бейша суна».**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«ТIаккха хьан кочахь и шаьлта хIун деш ю?!»** Iумайра жоп делира: **«Далла лиъна-кх иза иштта хила, Бадрунгахь цхьа а пайда биний цу шаьлтанаша тхуна?!»**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) юха а хаьттира: **«Бакъдерг дийца суна, хьо хIунда веана, хIай Iумайр?»** Iумайра элира: **«Цунна а бен веана ма вац со».**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIан-хIа, хьо а, Умаййатан кIант Софван а** (шуьшиъ) **ХьаьжцIенна уллохь хиъна вара, Къалийбехь къурайшийн байинарш а буьйцуш. Ахьа элира: «Хьайна тIехь нехан декхарш а дацахьара, иштта хьайн доьзална дан амал а делахьара, вахана Мухьаммад вуьйр ма вара аса…» ТIаккха Умаййатан кIанта Софвана шена тIелецира хьан декхарш дIатакхар а,**

**хьан доьзалан доладар а** (ахьа со верна дуьхьал)**; Дела хууш ма Ву шуьшинна юккъехь хилла долу къамел».**

Цхьана ханна сецна а Іийна, цецваьлла Іадийна волчу Іумайра цул тІаьхьа элира: **«Хьо Делан Элча ву аьлла, тоьшалла до-кх аса».** Юха кхидІа дийца вуьйлира иза: **«Баккъалла а, тхо дара, хІай Делан Элча, ахьа стиглара ду бохуш тхоьга дуьйцучу хабарийн а, иштта хьоьга дуссучу Жабраилан а хьокъехь хьо харцвеш, амма сан Умаййатан кІантаца Софванца хилла долу къамел со а, иза а воцчунна цхьана дена ца хаьара… ВаллахІи, суна билгал ма дели, иза АллахІера бен хьуна хаийла цахилар. Со Ислам-дине нисван хьуна тІевалийначу АллахІна хастам бу-кх…»**

Цул тІаьхьа Іумайра тоьшалла дира, АллахІ воцург кхин Дела вац аьлла, Мухьаммад – Делан Элча ву аьлла а. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен асхьабашка (Дела реза хуьлийла царна) элира: **«Шайн ваша бусалба динах кхетаве, цунна Къуръан деша а Іамаде, цуьнан йийсар паргІат а вита».**

***

Бусалба нахана боккха кхаъ хилира ВахІбан кІанта Іумайра (Дела реза хуьлийла цунна) Ислам-дин тІеэцарх. Ткъа ХаттІабан кІанта Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) аьллера: **«Сайн са карахь долчу Делах дуй буу аса, хьакхехь болу безам алсам ма бара сан, ВахІбан кІантехь Іумайрехь болчул а, иза Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІевеанчу хенахь. Бакъду, тахана суна иза сайн цхьаболчу доьзалел а дукха ма веза».**

***

Іумайра (Дела реза хуьлийла цунна) Макка а, Маккин бахархой а бицбира, Исламан Іилманашца шен са цІандеш, Къуръанан нуьраца шен дог а дузуш, шен уггаре а деза а, мехала а долу денош ша дендечу хенахь.

Умаййатан кІант Софван вара ша-шена синтем беш. Къурайшийн пхьоьханашкахула лелара иза, цаьрга: **«Шуна кеста хезар долчу,**

**Бадрунгахь хилларг шуна дицдийр долчу доккхачу хабарца кхаъ боккху аса шуьга»,** – бохуш.

Цул тӀаьхьа шен дукха ладегӀа дийзича, Умаййатан кӀантан Софванан даг чу кӀез-кӀезиг кхерамаш кхача буьйлира. Цхьаьнаметтехь Ӏан синтем боцуш, йовхачу алуна тӀенисвелча санна, вара иза. Генара схьа мел вогӀучу дошлочуьнга, ВахӀбан кӀантах Ӏумайрах лаьцна хабар дуйла хетта вуьйлира иза, амма цхьаьнггехь а шена дарба дийр долу жоп ца хезара цунна. Амма цхьана дошлочо, цунна тӀе а веана, цуьнга элира: **«Баккъалла а, Ӏумайра Ислам-дин тӀеэцна».** Ткъес тухуш санна и бале вожош кхечира цуьнга и хабар, хӀунда аьлча лаьтта тӀехь мел долчу адамо Ислам тӀеэцча а, ВахӀбан кӀанта Ӏумайра Ислам тӀеоьцур ду аьлла ца хетара цунна.

ВахӀбан кӀанта Ӏумайра (Дела реза хуьлийла цунна), ша-шена дин ма-Ӏаммий, шена Делан Калам дагахь ма-Ӏемми, сихха Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу а веана, цуьнга аьллера: **«ХӀай Делан Элча, замано тӀе чан йиллал дукха хан яьккхина аса, Делан нур дайа гӀерташ а, бусалба динехь болчарна аса баккхий новкъахьовзамаш беш а; ахьа сайна Макка ваха пурба дала лаьар-кха суна, цигара къурайшаш Деле а, Цуьнан Элчане а кхайкхархьама. Нагахь цара соьгара и къобалдахь, диканиг долу цаьргара, нагахь цара суна дуьхьало яхь, айса Делан Элчанан асхьабашна беш хиллачул а алсам новкъахьовзамаш бийр бу-кх аса царна».**

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бакъо а елла, Маккахь веара иза. Умаййатан кӀентан Софванан керта а веана, цо элира: **«ХӀай Софван! Баккъалла а, Маккин эланех цхьа эла ву-кх хьо, иштта къурайшийн хьекъалчех цхьаъ а. Шаьш лелош долу и тӀулгашна лолла даррий, церан дуьхьа дийнаташна арсаш хьекхаррий – хьекъалца дуьстича – динах хӀума ду аьлла хетий хьуна?! Амма аса тоьшалла до – АллахӀ воцург, кхин Дела вац аьлла, Мухьаммад – Делан Элча ву аьлла».**

***

Ӏумайр (Дела реза хуьлийла цунна) цул тӀаьхьа Делан дин дӀакхайкхош Маккахь висира, шен карахула дуккха а наха Ислам тӀеэццалц. АллахӀа мела

алсамбоккхийла ВахIбан кIантан Iумайран, Цо цуьнан каш нуьре а дойла!

Гочдинарг – Хатаев Хизрин Руслан
Рецензенташ – М.Р. Эдихаджиев, С.Р. Магамедов
Редактор – А.А. Гайтукаев
Верстка – С-М. Тасуев
Подписано в печать 00.00.20…. г.
Тираж … экз.